

IGICE CA 3

MOSE

IMYAKA 1706  
IMBERE YA  
KRISTO


MU GIHE C'AMAPFA, YAKOBO  
UMWUZUKURU WA ABURAHAMU YACIYE  
ATWARA ABAHUNGU BIWE CUMI NA BABIRI  
N'ABANA BABO MURI EGIPUTA BAJA  
KUBAYO. MURI EGIPUTA, BAHARWIRIRAYO  
NK'UMUKUNGUGU WO KW'ISI.







MU GIHE GITO GUSA, ABAHUNGU  
BA YAKOBO UWO IZINA  
RYIWE RYAHINDUTSE AKITWA  
ISIRAYERI BARARWIRA BARUTA  
IGITIGIRI ABANYEGIPTA.



FARAWO, UWATWARA ICO GIHE, ABAGIRA  
INYAGANO, ABAKORESHA ABAHUNGU BA  
YAKOBO IBIKORWA BIRUHISHA CANE NKO  
GUFYATURA AMATAFARI. HAHEZE NK'IMYAKA  
300, BARIBAGIRA IVYO IMANA YASEZERANYE  
ABURAHAMU NA BA SOKURU BABO.



IMANA YABWIYE  
ABURAHAMU KO LIBU  
BWOKO BUZOGENDA  
MU MAHANGA HAMA  
BUKORERE ABANDI.

ARIKO IMANA  
YARANAVUZE KO  
INYUMA Y'IMYAKA  
400, IZOCIRA  
LURUBANZA IRYO  
HANGA HANYUMA  
IGARUKANE LIBWOKO  
BWAYO AHO  
YABUSEZERANIYE.



IBI NKUBWIRA NUKURI! FARAWO  
ARATINYA KO TUBA BENSHI.  
ARIKO ARICA UTUYOYA TWOSE.  
ABANYEGIPTA BAFISE INTEGE NKE  
KANDI N'ABANEBWE. ABAGABO BACU  
BARAKOMEYE KANDI BARAKORA  
CANE. BARADUTINYA.



LIMWANA  
WANJE  
NTIBAZOMWICA.  
IMANA  
IZOMUKINGIRA.

HA! MBEGA N'IKI  
IMANA YOSHOBORA  
GUKORA KUGIRA  
IHAGARIKE IBI BINTU  
FARAWO ARIKO  
ARAKORA?






**OYA! OYA  
APANA KU  
MWANA WANJE.  
NTIBISHOBOKA.**

**FARAWO, MU GUTINYA KO  
ABAYUDA BARIKO BARABA BENSHI,  
AFATA INGINGO YO KWICA  
LUTUYOYA TWOSE TUVUTSE.**

**ITANGURIRO 46:5-7, KUVAYO 1:1-12, 22**



ARIKO  
MAWE, NDABWIRA  
IKI ABASODA  
N'ABABANYI  
NIBAHAVA BAMBAZA  
AHO URUYOYA  
RURI?

URABABWIZA  
UKURI,  
UMUVYEYI WIWE  
YAMUTAYE MU  
RUZI KUGIRA  
ABASODA  
NTIBAMWICE.



UGERERANYA HAHEZE NK'IMYAKA  
1525 IMBERE YA KRISTO

MAWE,  
URAZI NEZA  
KO KATAZA  
KWIBIRA?

KARAJISHE.  
KARAZA  
KWIBIRA.



MBE NTA BAHUNGU  
BATO TUZOSUBIRA  
KUBONA? OH, MBEGA  
UKUNTU ABANYEGIPTA  
BIKUNDA!



IMANA  
IZOMUKINGIRA. WE  
GUSA URABA HAFI  
HANYUMA UGUME  
UMUCUNZE GUSA.



LUMUKOBWA WA FARAWO  
AZA KU RUZI KWOGA.



RABA! HARI IJWI  
RY'UMUNTU ARIRA RIVA  
MURI KARYA GASEKE!


ARASHOBORA  
KUBA ARI UMWE  
MU NZOYA  
Z'ABAHEBURAYO.

OH, NI  
MWIZA?

ATEGEREZWA  
KUBA ASHONJE.








NZOMUGUMANA  
NINASHOBORA  
KURONKA UMUNTU  
AMWONSA.


HARIHO  
UMWANA UMWE  
MU BAHEBURAYO ARI  
HANO. KUMBURE ARAZI  
UMUNTU ASHOBORA  
KUMWONSA.



NDAGIYE  
NDABE KO ATA  
MUNTU NORONKA  
AMWONSA. NDAZI LIMUGORE  
W'UMUHEBURAYOKAZI  
LURUYOYA RWIWE RWATAWE  
MU RUZI. ARACAFISE  
AMABEREHERE MENSHI.

KUVAYO 2:3-9






NTA KUNDI  
WARI KUGIRA. NONE  
KO UTOMUNYEGEJE  
BURUNDU. BITEBE  
BITEBUKE, ABASODA  
BAZOMUBONA  
BAMWICE. WE GUSA  
BANDANYA WIZIGIRA  
IMANA.

MBEGA NAKOZE  
IKI? UBWO NZOSUBIRA  
KUBONA UMWANA  
WANJE KANDI? IBI  
BINTU BURYA IMANA  
IRAVYITWARARITSE?


**MAWE,  
MAWE!**



MAWE, UMLUKOBWA WA  
FARAWO YAJE KU RUZI HAMA  
ACA AHABONA MUTOYA WANJE.  
AKENEYE KUMUGUMANA, HAMA ARIKO  
ARARONDERA UMUNTU YOMWONSA!  
ARAJE NGAHA LIBU NYENE!

HAHEZAGIRWE  
IMANA IHORAHO!






NUMVISE  
KO WABUZE  
URUYOYA  
RWAVE. PORE.  
URU NARUTOYE MU  
RUZI. NZOKURIHA  
NIWARUNYONKEREZA.

NIYACUKA,  
NZOGARUKA KUMTORA  
NDAMUTWARE KU KIRIMBA  
AHO AZORERERWA KUGIRA  
AZOBE FARAWO WA EGIPTA.  
TUZOMWITA MOSE.

LIKO MOSE YAKURA, AMWIGISHA  
IBIJANYE N'IMANA Y'UKURI  
Y ABA SE. IMANA YARI IFISE  
INTUMBERO YIHARIJE KURI  
UYU MUHUNGU MUTO.



SIMBIRAYO  
MUGANWA  
MUTOYA,  
HAMA DUCE  
TUGUTWARA  
KU KIRIMBA.

ZINYARUKA  
GUTE?


WARAKOZE  
KWONSA MOSE.  
AFISE AMAGARA  
MEZA. AZOKURA, ABE  
UMUTUNZI, KANDI ABE  
LWUKOMEYE.

KUVAYO 2:8-10



NK'UMUHUNGU YAREZWE N'UMUKOBWA  
WA FARAWO, MOSE ARAKURA KUGIRA ABE  
UMUNTU AKOMEYE MURI EGIPTA. ATEGURWA  
NK'UWUZOTUNGA, NK'UWUZOBA UMUNTU  
AKOMEYE ARIKO NTIYIGEZE YIBAGIRA IRAGI RYIWE.





NDAKUBWIRA  
MOSE, IMANA YA SE  
WACU ABURAHAMU, ISAKA, NA  
YAKOBO YABWIYE ABURAHAMU  
KO URUVYARO RWIWE RUZORWIRA  
HAMA RUBE INYAMBUKIRA MU  
GIHUGU ATARI ICABO. RERO,  
UBU RABA TURI MURI ICO  
GIHUGU!


EGOO!  
YARABWIYE  
KANDI  
ABURAHAMU KO  
TUZOBAZWA  
MURI ICO GIHUGU  
MU KIRINGO  
C'IMYAKA  
400. UBU AHA  
TURAHAMAZE  
IMYAKA 359,  
HASIGAYE  
IMYAKA  
41 NGO  
TUHAVE.





IBI BIGARAGARA  
NK'IBIZOGORANA. FARAWO  
VYUKURI AZOREKA ABO YAGIZE  
IMBOHE BAGENDE KANDI  
IKINDI KIZWI NTASHOBORA  
KUBAREKA NGO BAHAVANE  
UBUTUNZI BWAHO. KUMBURE  
HARIHO INZIRA BIZOCAMWO.  
KUBERA IKI DUKWIYE  
KURINDIRA IYINDI MYAKA 41?

YARANABWIYE KANDI  
ABURAHAMU KO IZOCIRA  
URUBANZA IRYO HANGA KUBWO  
IBIBI VYOSE RIZOBA RYATUGIRIYE,  
KANDI KO TUZOVA MURI IRYO  
HANGA DUFISE UBUTUNZI BWINSHI  
HAMA DUSUBIRE KU BUTAKA  
IMANA YAHAYE BA SEKURU.




ABANA B'ABAHEBURAYO BARABABAZWE  
MUSI Y'ABABARONGOYE. BATEGEREZWA  
GUKORA CANE BAFYATURA AMATAFARI. MOSE  
RERO NAWA BIKAMUNANIRA KWIHANGANA  
KUBONA ABAHEBURAYO BABABAZWA, HAMA  
AFATA INGINGO YO KUGIRA ICO AKOZE.

HAGURUKA  
NTAHAVE  
AGUKUBITA  
NGO AGERE  
AHO  
AKWICA!

HAGURUKA,  
WA MUSIBA  
WE!

EBE,  
HAGURUKA.





UMUSI UMWE MOSE  
ABONA UMWE MU  
BANYEGIPTA AKUBITA  
CANE UMWE MUBIWABO.

IGIHE CO  
GUTABARA CAGEZE  
IBI BITEGEREZA  
GUHAGARARA.



**WAAAA...**

**NTAGUSUBIRA  
KANDI!**

MOSE YICA UMUNYEGIPLITA  
HAMA ARAMUHAMBA,  
ARIKO HARI UMUNTU  
YAMUBONYE HAMA ACA  
AJA KUBIBWIRA FARAWO.





**HAGARARA!  
LTEGEREZA GLUTIMBA  
UZIRE UBWICANYI  
WAKOZE!**

**OH MANA!  
NAKOZE IKI?**

**NI  
MOSE!**






UGERERANYA NK'IMYAKA  
1491 IMBERE YA KRISTO.

MOSE AVA MURI EGIPTA AHUNGIRA  
MU BUGARARWA. YARI WENYENE,  
NTA MURYANGO, NTA BAGENZI.  
NTIYACUNGUYE UBWOKO BWIWE,  
NAWE NYENE NTIYICUNGUYE.

KUVAYO 2:11-15





MOSE AGENDA  
URUGENDO  
RW'IMISI  
MYINSHI.  
AGEZE KURE  
ATAGISHOBORA  
KUBANDANYA,  
ABONA IKAMBI  
RY'ABLUNGERE  
AHAGARARAHO.

RABA!  
URYA  
MUNTU!

ASA  
NK'UWAPFUYE.  
ZANA AMAZI.

N'UMUNYEGIPUTA!

MOSE ABONA, ABAHO UBUNDI  
BUZIMA MU BAMIDIYANI. YIGA  
IBIKORERWA VYOSE MU BUGARARWA,  
ARARONGORA, HAMA ACABA  
UMWUNGERE. HAHERA IMYAKA  
MIRONGO INE HAGERA AHO  
YIBAGIRA EGIPTA. MOSE ARATA  
IVYZIGIRO VYO KUZOSUBIRA  
KUBONA ABIWABO KANDI.





IBI BINTU BIRATANGAJE! NI  
GUTE IKI GISAKA CAKA UMURIRO  
HAMA UMURIRO NAWA  
NTUTEMUKE? KIGUMA CAKA  
CAKA GUSA.






**MOSE KURA  
IBIRATO WAMBAYE.  
AHANTU UHAGAZE HARERA.  
NDI IMANA YA BA SEKURU  
BAWE ABURAHAMU,  
ISAKA, YAKOBO.**



**NARABONYE IMIBABARO  
KANDI NONGERA NUMVA  
AMASENGESHO Y'UBWOKO  
BWANJE MURI EGIPTA. HARAGEZE  
YUKO NDABAKIZA AGACINYIZO  
BARIMWO, NDABAZANA KU BUTAKA  
NASEZERANIYE BA SEKURU.**

**NZOGUTUMA KWA FARAWO  
HAMA ABANTU BANJE NSHAKA KO  
UBAKURA MU MUNYORORO BARIMWO.  
UZOMUBWIRA AREKURE ABANTU BANJE  
BAGENDE, HAMA AZOKWANKA. HANYUMA  
NZOKWEREKANA UBUSHOBOZI BWANJE  
MURI EGIPTA. INYUMA YIVYO,  
AZOBAREKURA BAGENDE.**

**KUVAYO 2:16-3:10**



ARIKO  
NTIBAZIZERA KO  
WANDUNGITSE.  
BAZITWENGERA  
GLUSA.





A man with a beard and a hooded robe is shown in profile, balancing a long, thin staff on a rock. He is wearing a dark, fur-lined hood and a light-colored tunic with a dark sash. The background is a gradient of orange and blue. The man's expression is one of concentration. The staff is long and thin, with a dark tip. The rock is dark and jagged.

**TERERA  
INKONI YAWE  
HASI.**



*IKI?  
INKONI  
YANJE!*



**YABAYE  
INZOKA  
YICA!**





**TERURA  
IYO NZOKA  
UTERURISHIJE  
KU MURIZO.**



**YASUBIYE  
GUCIKA INKONI  
IGOROROTSE!**



**GENDA MURI EGIPTA.  
NZOKWIGISHA IVYO LUVUGA,  
HAMA NKUBWIRE NIVYO  
UZOKORA. MWENE WANYU  
ARONI AZOBA ICEGERA  
CAWE, AZOGLIFASHA.**

**KUVAYO 4:1-4, 12-16**






IMYAKA 1445  
IMBERE YA KRISTO

HAHAZE IMYAKA  
MIRONGO INE.  
ABANTU BOSE BAZI  
IVYA KAHISE KANJE  
BARAPFLUYE. NTA  
MUNTU NUMWE  
AZOMENYA.

GUSHIKA FARAWO  
AREKUYE UBWOKO  
BW'IMANA BUGENDE.

USUBIYE MURI  
EGIPTUTA! NONE BARYA  
BOSE BASHATSE KUKWICA  
BIZOGENDA GUTE?

LIZOMARAYO  
IGIHE  
KINGANA  
GUTE?



AHAMAGARA  
ABAKURAMBERE  
BOSE ABASHIRA HAMWE  
ARABABWIRA ATI! IGIHE CO  
KUBOHOKA CAGEZE!

BARYA NI  
BANDE?

NI ARONI  
UMUREWI. URYA WUNDI  
NAWE MBONA DUSA ARIKO  
S'INYAGANO.





EGERA MWA  
BAKURAMBERE  
MWESE BA  
ISIRAYERI.


MOSE YARI  
YAVUTSE HAHEZE  
IMYAKA MIRONGO  
UMUNANI IGIHE  
KIRAHU KITARI COROSHE  
AHO UWARI AKOMEYE  
YICANA W'UMU FARAWO  
YASOHORA ITEGEKO RYO  
KWICA UTUYOYA TWOSE  
TW'UDUHUNGU. NYINA  
WIWE AMUNYEGEZA MU  
GISEKE AMUSHIRA MU RUZI.  
KUBW'IMANA UMUKOBWA  
WA FARAWO ARAMTORA  
ACA ARAMURERA  
NK'UMUNYEGIPUTA.

KUVAYO 4:29-31



HAHEZE IMYAKA MIRONGO INE, MOSE AHISEMWO GUPFLUMA ABABAZWA HAMWE N'ABIWABO HAGUTWARA NK'UMUNYEGIPTA. ARONDERA GUKIZA UBWOKO BWABO AKORESHEJE INGLUVU ZIWE, ARIKO BIRANKA. AMARA IMYAKA MIRONGO INE ABA MU BUGARARWA ARI AHO IMANA YASEZERANIYE BA SEKURU. UBU RERO VUBA CANE, IMANA YARAMWIYERETSE IRAMWEREKA, IRANAMUBWIRA UKUNTU AZOZA KUTUBOHORA ADUKIZE FARAWO! UBU RERO MOSE AGIRE ABEREKE IBIMENYETSO CANKE IVYO AZOKORA KUGIRA YEMEZE FARAWO ATUREKE TUGENDE.





IMANA  
YA ABURAHAMU  
YARAMVUGISHIJE BICIYE  
MU GISAKA CAKA UMURIRO  
ICA INDUNGIKA KUGIRA NZE  
KUBARONGORA MUSUBIRE KU  
BUTAKA BWA BA SOKURU.  
NGIKI IKIMENYETSO.



**RABA!  
INKONI  
IHINDUTSE  
INZOKA.**

**NTIMUGIRE  
LIBWOBA.**





RABA  
IBI.



IMANA  
YARUNGITSE  
LWUTUBOHORA.

EGO, IVYO  
HARI ICO  
BIZOKWEREKA  
FARAHO.





**N'IGITANGAZA!**

**LIBU  
TUGENDE  
RERO KWA  
FARAWO!**

**MANA YA  
ABURAHAMU!**


**KUVAYO 4:17, 30**



NTIHAHINDUTSE  
KUIVA IGIHE  
NDAHAVIRIYE HARAZEZE  
IMYAKA MIRONGO INE.  
WIBUKE KUVUGA GUSA  
IVYO NAKUBWIYE.







IMANA  
YA ISIRAYERI  
YARAVUGANYE NA  
MOSE. IMANA IVUZE NGO  
MUREKURE ABANTU BAGENDE  
MU RUGENDO RW'IMISI  
ITATU RUZOBASHIKANA MU  
BUGARARWA GUHIMBAZA  
NO GUTANGA IBIMAZI.

HA! IMANA YA ISIRAYERI?  
SINZI IMANA YANYU. IYO MANA  
NI BWOKO KI KUGIRA NDAYUBAHE?  
BIRATEYE ISONI. ABAGURANO  
BANJE SINSHOBORA KUBAREKA NGO  
BAFATE URUGENDO RW'IMISI ITATU  
BAJA MU BUGARARWA.

NARUMVISE UKUNTU UGUMA  
URABA ABANTU BANJE, UBATERA  
INTEGE NGO BAREKE GUKORA. UBU  
NAHO BASHAKA GUFATA URUGENDO  
RW'IMISI ITATU BAGENDE GUHIMBAZA  
IMANA NTAZI. AHUBWO NGIYE  
KURABA KO BAFISE IBIKORWA  
BIKWIYE MBERE N'IBINDI VYO  
GUKORA.



KUVA UBU, BAGIYE  
KWIKORERA UBWABO  
AMAFOROMA YO GUFYATURA  
AMATAFARI. UBU MVA MU  
MASO HAMA MUSUBIRE IYO  
MUJE MUVA.


KUVAYO 5:1-7





URABONA  
UKUNTU  
ATA SONI  
BANAGIRA?

VYARI  
BITWENGEJE.  
UBU RERO BAJE  
NGAHA NKUKO  
UMENGA BARI IJWI  
RY'IMANA.



URIKO URATUBWIRA  
RERO KO IVYO WADUKOREYE  
VYOSE KWARI NKO KURWIZA  
NA KABIRI AKAZI KACU? UBWOKO  
BWO KUTUBOHORA. HAMA UGACA  
WIYUMVIRA KO ARI IMANA  
YAKURUNGITSE?


NI NDE  
YIYUMVIRA  
KO ARI WE?


SINIBAZA KO  
TWIYUMVAMWO  
IBINTU VYIWE.

ASHAKA  
NYENE  
TUMWEMERE!



RERO, NTIMUFISE IBIKWIYE VYO  
GUKORA. MUSHAKA KUJA GUHIMBAZA  
IMANA. TUZOBIGISHA KUTABA  
IBINEBWE.





YHOVA,  
KIVA AHO  
NZIYE KUVUGA  
MW'IZINA RYAWA  
IBINTU BIGUMA  
BIRUSHIRIZA KUBA  
BIBI. KUBERA IKI  
WANDUNGITSE  
NGAHA?

ND'IMANA  
YABA SE,  
KANDI  
NARABONYE  
UKUBABAZWA  
NONGERA NUMVA  
AMABOROGO  
Y'ABANTU BANJE  
B'ISIRAYERI.


HARAGEZE KO  
NSHITSA ISEZERANO  
NAGIRIYE ABURAHAMU RYO  
KURONGORA LIBU BWOKO  
KUBUTAKA BW'I KANANI.  
WEWE MOSE NI WEWE  
UZOBARONGORA.





ARIKO SIMVLUGA  
NEZA. FARAWO  
NTAZONYUMVIRIZA.

ARONI AZOVUGA,  
WE GUSA NYUMVIRIZA  
HAMA LIZOMUBWIRE  
IVYO AZOGENDA KUVUGA.  
LIBWA MBERE, FARAWO  
NTAZOKWUMVIRIZA, ARIKO  
NZOMWEREKA IBIMENYETSO  
BIKOMAKOMEYE GUSHIKA AHO  
ABANYEGIPTA BAZOMENYA KO  
ND'IMANA YONYENE Y'UKURI.



HA, HA!  
URIKO UKORA  
IKI NGAHA,  
URAGARUTSE  
KANDI?

YEHOVA AVUZE,  
« REKA ABANTU  
BANJE BAGENDE »





NGIKI IKIMENYETSO CUKO  
YEHOVA YAVUZE.

HA, HA,  
HA! AYO  
N'AMAREBA.  
IVYO  
NTIBINKANGA.  
HAMAGARA  
ABANYAMAREBA  
BACU.



YABIKOZE  
NEZA, BISA  
NKAVYO,  
SIVYO?

NDIKO NDIBAZA AHO  
YIGIYE KUBIKORA.

KUVAYO 5:10-23, 7:7-11



**NYARLIKA VLUBA,  
ZANA Y'AMAREBA YANYU AHO  
MUHINDURA INKONI INZOKA.**



IMANA  
YACU Y'INZOKA  
YATURUNGITSE  
TUKUBWIRE KO UGIYE  
GUFYATURA AYANDI  
MATAFARI, HA, HA, HA!








MOSE, UBU NAHO  
TURAKORA IKI? DUSA  
NK'ABASAZI.

KUVAYO 7:11-12

A comic panel showing the lower legs and feet of several people standing on a sandy ground. In the foreground, four snakes are coiled on the ground, their heads raised and mouths open as if hissing or speaking. A speech bubble originates from the group of people, containing text in Hausa. The style is a classic comic book illustration with bold lines and a limited color palette.

RABA! INZOKA  
YIWE ISHAKA  
KURWANA NA  
RWACU.






**INZOKA  
YIWE IRIKO  
IRARYA  
IMWE MU  
ZACU.**



*IRAMIZE  
INZOKA ZACU  
ZOSE!*





NTIMUMBWIRE  
KO IGIYE KURYA  
N'IYINDI! IMANA YACU  
Y'INZOKA NESERT IGIYE  
GUSHAVURA.



BIRAGOYE  
KWEMERA!  
INZOKA YIWE  
YARIYE IZIWACU  
ZOSE.

VYAGENZE  
GUTE?





YEHOVA  
NIWE MANA MUREMYI  
YAVUZE ATI, "REKA  
ABANTU BANJE  
BAGENDE"


KUVAYO 7:12

SINZI UKO  
WABIGENJEJE,  
ARIKO SINGIYE KUREKA  
KUBERA IBI BIHEJEJE  
KUBA ABAGURANO  
BANJE BARENGA  
IMIRIYONI BAGENDE.  
MVA MU MASO!



KUVAYO 7:13 "ARIKO  
AKOMANTAZA UMUTIMA  
WA FARAWO KUGIRA  
NTABAREKURE NKUKO  
UMWAMI MANA YAVUZE. "





KUBERA IKI  
YEHOVA YATURLUNGITSE  
AKATURUNGIKANA IKIMENYETSO  
ABANYAMAREBA BA FARAWO  
BASHOBORA KWIGANA?  
MU KANYA GATO GLUSA,  
TWAGARAGAYE NK'ABASAZI.

NTAVYO NZI,  
ARIKO IMANA YARAVUZE KO  
IZOKOMANTAZA UMUTIMA WA  
FARAWO. URABONA KO ARIVYO  
VYABAYE. WABONYE UKUNTU  
YASAZE IGIHE YABONA INZOKA  
YACU IRIKO IRARYA IZIWE?

REKA NDONDERE  
AHANTU NGANIRE NA  
YEHOVA. SIMBONA  
IGIKURIKIRA NKWIYE  
GUKORA.

IMANA IHURA  
NA MOSE KANDI  
ICA IMUBWIRA  
ICO GUKORA.  
ABANYEGIPTA  
BARI  
BAMARAMAJE  
MOSE. AB'IWABO  
NABO BARI  
BAMUTAYE KUKO  
FARAWO YARI  
YABONGEYE  
IBIKORWA.  
ARIKO MOSE  
YABANDANIJE  
YIZERA IMANA  
ANAYUMVIRA,  
NAHO BATARIKO  
BARAMUTAHURA.



YHOVA  
ARAVUZE, " KO  
WABUJIJE ABANTU  
BANJE KUGENDA,  
UBU UGIYE KUMENYA  
RERO KO ND'IMANA  
Y'UKURI, AMAZI YOSE  
YA EGIPTA AGIYE  
GUCIKA AMARASO."






BIRATANGAJE.  
YABIKOZE  
GUTE?

GENDA  
MUHAMAGARE  
ABANYAMAREBA  
BANJE. IMANA  
YA NIL IRAZA  
GUHAGARIKA IBI.



RABA?  
ABANYAMAREBA  
BANJE NIVYO  
BARASHOBORA  
KUBIKORA. IBINTU  
VYAWA NTIWIBAZE  
NGO BIZOHAVA  
BINYEMEZA.





IBI BINTU  
MU BUZIMA SINARI  
BWABIBONE KWERI.  
N'AMASOKO HAMWE  
N'INZUZI VYACITSE  
AMARASO. MBEGA  
AZOVUGA KO IMANA  
YIWE YITWA GUTE?

NTUZE  
WUMVE BAVUGA.  
NI IRIHE TANDUKANIRO  
RIHARI? DUFISE IMANA  
IBIHUMBI. IMANA Y'URLUZI  
NIL ITEGEREZA KUZOBA  
YASHAVUYE.



IMANA  
IMWE? IVYO  
BIRATEYE ISONI.

URYA MU  
MOSE WE  
YIVUGIRA KO  
IMANA YIWE  
ARIYO MANA  
YONYENE.



INYUMA Y'IMISI INDWI AMAZI  
YOSE AHINDUTSE AMARASO,  
MOSE AGARUKA KANDI IMBERE  
Y'IMANA KUREGA EGIPLUTA.



REKA AMAZI  
YOSE AGIRE IBIKERE  
KANDI VYINSHI.

YA MAZI ANUKA  
Y'AMARASO AVAMWO  
NONEHO IBIKERE  
AMAMIRIYONI.




ITANGURIRO 7:21-25, 8:6





INZU  
YANJE  
YUZUYE  
IBIKERE.






EGIPTA  
YOSE YUZURA  
IBIKERE. IMANA  
ZIRASHAVURA!

ABAHEREZI  
BACU BARI  
HEHE? NTACO  
BASHOBORA  
GUKORA?





!!!!!!




KUBERA IKI  
BARIKO BARAREMA  
IBINDI BIKERE? MBEGA  
MOSE NTIYADUHAYE  
IBIKERE BIKWIYE? NI  
GUTE FARAWO ADUHA  
IBINDI?

FARAWO,  
RABA TWE  
ABANYAMAREBA  
TURASHOBORA  
KUREMA NATWE  
IBIKERE.





KUBERA IKI UTABAREKA  
BAGENDE MU BUGARARWA  
NKUKO BABISAVYE?  
NTIDUSHOBORA KWIHANGANIRA  
IBINDI VYIYONGERA KURI IBI?



HAMAGARA  
MOSE  
MUMUBWIRE KO  
NKENEYE KO  
TUGANIRA.

EGO  
NYAKUBAHWA  
TURABIKORA  
NKUKO  
WABIVLIZE.



BWIRA YEHOVA AKUREHO  
IBI BIKERE, NIYABIKORA,  
NCA NDEKA ABANTU Bawe  
BAJE MU BUGARARWA  
BASHIKANE IBIMAZI.

VUGA IGIHE  
UKENEYE KO  
IBIKERE BIPFA HAMA  
NANJE NKORERE  
KUVYO LIVUZE.





EJO MU  
GITONDO.

NKUKO  
UBIVUZE BIZOGENDA  
UKO NYENE KUGIRA ABANTU  
BAMENYE KO ATA YINDI  
MANA IHWANYE NA  
YEHOVA.

KUVAYO 8:7-10



FARAWO  
ABONYE  
KO IBIKERE  
BIPFUYE KURI  
URYA MWANYA  
NYENE  
YAVUZE,  
AKOMANTAZA  
UMUTIMA  
NTIYAREKA KO  
ABAHEBURAYO  
BAGENDA.

IYO MANA  
YEHOVA N'IMANA  
BWOKO KI YUZUZA  
LIBUTAKA BWACU  
IBIKERE?

N'IGIKI GITUMA  
WIYUMVIRA KO IMANA  
ARIYO YABIKOZE? EREGA  
URASHOBORA GUSANGA ARI  
IKIZA GISANZWE.







NONE NI GUTE MOSE  
YAMENYE KO BIZOBA HAMA  
AKABITUBWIRA MBERE? HAMA NI  
GUTE YAMENYE ISAHA IRASHE YO  
KUGENDA KWAVYO?

NUMA  
NUMA NATWE  
NTITURANGIRE.



HAMA YEHOVA ABWIRA  
MOSE ATI, "BWIRA ARONI  
ARAMVURE IKIGANZA CAWE  
GIFISE INKONI HAMA  
AKUBITE HASI MW'IVU HACE  
HAZA INZIGE KU BUTAKA  
BWOSE BWA EGIPTA.



HAMA IVU RYOSE  
RYO MURI EGIPUTA  
RIHINDUKAMWO INZIGE.



**EEEEEE!**





ARIKO  
NYAKUBAHWA,  
IKI N'IGIKORWA  
C'IMANA. NTA MWANA  
W'UMUNTU ASHOBORA  
GUKORA IBINTU ABA  
BAGABO BABIRI BARIKO  
BARAKORA. NTA  
NKOMEZI DUFISE.

USHATSE KUVUGA IKI? NTUSHOBORA  
GUKORA INZIGE? ABANTU NONEHO  
BAZOHAVA BIBAZA KO IMANA YIWE  
ISHOBOYE KANDI IFISE INKOMEZI  
KURUSHA IMANA ZACU. AMAREBA  
GUSA NIVYO USHOBORA  
GUKORA.



KUMBURE TURASHOBORA  
KUBISOBANURA MU BURYO BUSANZWE  
GUSA ICO BIKOZE TURARUSHE NTITUGISHOBOYE  
KUVYIHANGANIRA. BWIRA MOSE KANDI UMUBWIRE  
KO IMANA YIWE NIYAKURAHU IZI NZIGE NCA NDEKA  
ABAHEBURAYO BAGENDE GUHIMBAZA IMANA YABO  
NO KUYIKORERA.








INZIGE ZAGIYE  
ARIKO SINDEKA  
INYAGANO  
ZIGENDE. INYUMA  
Y'IBI VYOSE  
N'IKIHE KINDI  
NONE IMANA  
YOKORA?



IMANA YABWIYE  
MOSE ITI, NGIYE  
KURLINGIKA ISAZI ZIMERE  
NK'UDUSURIRA ZIKWIRE  
KU BUTAKA BWA EGIPLUTA  
YOSE. "AMAZU YANYU  
YOSE AZOKWUZURA ZO  
GUSA. KANDI LIBU HAZOBA  
ITANDUKANIRO HAGATI  
Y'ABANYEGIPLUTA  
HAMWE


N'ABAHEBURAYO.  
NTA MASAZI  
AZOBA MU MAZU  
Y'ABANJE. GURTYO  
BAZOMENYA KO  
ND'IMANA Y'ISI  
YOSE.





DATA,  
KUBERA IKI  
ABAHEREZI BACU  
BATOHAGARIKA  
LIYU MUGABO?  
LIBUSHOBOZI  
BWABO BURU  
HEHE?


IBINTU  
VY'AMADINI  
JWE NTAVYO NZI.  
JWE NITAYEHO  
IBIJANYE N'AKAZI  
KANJE.



NI NK'UKO YABIVUZE.  
NTA MASAZI ARI MU  
MAZU Y'ABAHEBURAYO!  
BIRASHOBOKA KO ARI  
IGIKORWA C'IMANA  
YABO.

GENDA  
URONDERE  
MOSE.






GENDA  
USHIKANIRE  
IMANA Yawe ARIKO  
NTURENGE UBUTAKA  
BWA EGIPTA.

N'IMISI ITATU  
Y'URLUGENDO.

NAVUZE NTI MUGENDE  
ARIKO NTIMUSHIKE KURE.  
UBU BWIRA IMANA Yawe  
IKUREHO AYA MASAZI.




NTA  
SAZI N'IMWE  
NZIMA YASIGAYE  
MURI EGIPUTA.  
UBU IKI RERO  
N'IGITANGAZA.

NUMA. LIKO  
LUVUGA UMENGA  
URIKO URIZERA  
IMANA YABO.

KANDI FARAWO  
AKOMANTAZA UMUTIMA  
ABABUZA KUGENDA.





IMANA IRUNGIKA IKINDI  
KIZA. INKA ZABO ZOSE,  
INTAMA, INDOGOBA,  
IBITWAZI BIFATWA  
N'AKAMANGU BIRAPFA.  
ARIKO IBIKOKO  
VY'ABAHEBURAYO NTA  
NA KIMWE CARWAYE.


IBIKOKO  
VYACU VYOSE  
VYAPFUYE  
ARIKO IVYANYU  
BIRAKOMEYE. MBE  
IBI MWOBISIGURA  
GUTE?

MOSE YAVUZE KO ARI  
IMANA Y'ABASOKURU  
BACU IJE KUDUKIZA  
ARIKO JEWE ND'UMUNTU  
ASANZWE NTA VYINSHI  
NOBIVUGAKO CANE.



ABAHEREZI BACU  
BAGIYE GUTANGA IBIMAZI  
KU MANA ZACU. IMANA YACU  
IBIJEJWE IGIYE GUSHAVURA  
KANDI YITEGUYE KUBIHAGARIKA.





IMANA  
Z'ABANYEGIPUTA  
ZIRI HEHE? NTA  
BUSHOBOZI  
ZIGIFISE?

BWIRA FARAWO KO  
YACEREWE. ABAJEJWE  
GUKINGIRA IBIKOKO VYACU  
BOSE BAPFUYE. ABANTU  
BAGIYE GUSHAVURA NIBUMVA  
KO IMANA ZACU VYAZINANIYE  
GUKINGIRA IBIKOKO  
IBI BIZA VYAZANYWE  
N'ABAHEBURAYO.




ARIKO FARAWO AKOMEZA  
AKOMANTAZA UMUTIMA.

KUVAYO 9:6-7



KANDI IMANA YONGERA  
KUBWIRA MOSE ASUKE  
UMUNYOTA HEJURU  
Y'IGISAGARA CA EGIPTA  
HAMA ABANYEGIPTA  
BATERWE N'UBUSHUHE.



IMANA YAVUZE,  
"KO MWANSE KUREKURA  
ABANTU BANJE BAGENDE,  
NGIYE KURLINGIKA  
UBUSHUHE BUBAPFUKE  
BWONGERE BUPFUKE  
N'IBIKOKO VYANYU.

OYA  
NUKURI,  
KANDI?

HAMAGARA ABANYAMAREBA  
MUBABWIRE BAREKURE  
UBUSHOBOZI BWABO BWOSE.  
BASHIKANIRE IMANA ZABO. IBI  
BINTU BIHAGARARE.







MWAHAMAGAYE,  
UWA MBERE AKAZE  
MURI BO?

WEHO, NTA  
BUSHOBOZI  
UFISE BWO  
KURANDURA  
IYI MANA YA  
MOSE?



MUMVE MU MASO MWA  
BANTU BA MANGETENGETE  
MUDASHOBOYE. MUGUMA MUKORA IBINTU,  
MUSAZA ABANTU, ATACO MUSHOBORA GUSA.  
IMANA ZANYU ZIRI HEHE?



**UZOVYUKE KARE HAMA UJE KUBWIRA FARAWO UTI, "IMANA Y'ABAHEBURAYO YAVUZE NGO REKA ABANTU BANJE BAGENDE. KUKO IKIZA KIGIYE GUKURIKIRA KIGIYE KUBA KIBI CANE. KIGIYE GUSANGANGURA CICE ABANTU BENSHI. KUBWO IVYO, MUZOMENYA KO ATA MANA IHWANYE NANJE.**

**NTA NIVYO UZI, NI JEWE NAKUGIZE FARAWO. URABONA, NARINZI YUKO UZOKOMANTAZA UMLUTIMA HAMA WANKIRE ABANTU BANJE KUGENDA!**




MUKUBAGANYI GUSA MPA AKARYO  
NGARAGAZE UBUSHOBOZI KANDI  
NONGERE NCIRE URUBANZA EGIPTA  
KUBWO UKUNTU BAFASHE NABI  
ABANTU BANJE. USHIRA IMBERE  
IVYawe, UKANKA GUKORA UBUGOMBE  
BWANJE,

EJO MU GITONDO  
NZORUNGIKA  
IMVURA Y'URUBURA  
HAMWE N'UMURIRO  
ISI ITARIGERA  
IBONA KLVA  
IBAHO.





A man in a brown robe is lying face down on a sandy ground. He has his hands clasped in front of him. A speech bubble is positioned above him, containing text in a bold, sans-serif font. The background is a textured, yellowish-brown color.

**MBIKUBWIYE KUGIRA  
LUBURIRE ABANTU BOSE,  
BAGUME MU MAZU,  
N'IBIKOKO NTIHAGIRE ICO  
BASOHORA HANZE KUKO  
IKINTU COSE KIZOBA  
KIRI HANZE KIZOPFA.**

**KUVAYO 9:8-19**



NI YEHOVA  
YABIVUZE.





**AAAAA!**

**IBI BINTU BIBAYE,  
UMURIRO N'URUBURA  
BICANZE ?**

**MANA  
UKOMEYE  
SETI, DUKIZE.**

**ABATUMVIYE IMPANIRO  
BANYAGIRIRWA HANZE  
BOSE BARAPFA.**


DATA, URYA  
MUGABO MOSE  
YAKOZE IBI GUTE?  
MBEGA IMANA YIWE  
IRAKOMEYE KURLITA  
SETI, IMANA Y'IBIZA  
N'IBIHUHUSI?

AVUGA KO  
HARI IMANA  
IMWE KANDI  
NGO KO ABA  
BAHEBURAYO  
ARI ABANA  
BAYO.



ARIKO, NTA  
NUMWE ARABONA IMANA  
YIWE EKA N'ABAHEBURAYO.  
IMANA YIWE N'IMPWEMU  
ARIKO AGERAGEZA  
KWUMVISHA FARAWO  
NGO ABAREKA BAJE MU  
BUGARARWA GUHIMBAZA.





OH, MANA  
UKOMEYE SETI, MANA  
Y'IBIZA N'UMYUZURE  
TURAGUSAVYE, HAGARIKA  
LIYU MWUZURE UTEYE  
LIBWOBA. VYUKURI  
URAKOMEYE KURUSHA IYI  
MANA ITABONEKA YA  
MOSE.


KUVAYO 9:23-26



NTITWEGERA,  
ABANYEGIPTA  
GUSA.

DATA  
MFISE  
LIBWOBA,  
MBE UMURIRO  
N'URUBURA  
BIRAZA  
KUTURWAKO  
NATWE?





OYA  
MWANA, YEHOVA  
ARIKO ARAHANA  
ABANYEGIPTA KUKUNTU  
BATAMWUMVIRA. ARIKO  
ARABEREKA KO IMANA  
YABO Y'IBIHUHUSI  
N'IBIZA ATACO  
ISHOBOYE ATA  
NKOMEZI IFISE ZO  
KUBAFASHA.

BIRABABAJE.

NARACUMUYE KURI YEHOVA, IMANA  
Y'ABAHEBURAYO IRAGOROROTSE HAMA  
JWE N'ABANTU BANJE TURI BABI. BWIRA  
YEHOVA AHAGARIKE UYU MURIRO HAMWE  
N'URUBURA HAMA NCA NDEKA ABANTU  
BAWE BAGENDE LIBU NYENE.








NINASOHOKA IKI  
GISAGARA NDAZA KURAMVURA  
IKIGANZA HAMA IKIZA KIRAZA GUHERA.  
HAMA KUBW'IVYO, URAMENYA KO ISI  
ARI IYA YEHOVA, ARIKO NTUZOGUMYA  
AMAJAMBO Yawe, NTUTINYA  
IMANA.

FARAWO ABONYE  
IGIHUHUSI KIGIYE,  
ASUBIRA GUCUMURA  
AKOMANTAZA  
UMUTIMA, ABUZA  
ABANTU KUGENDA.



IMANA IRUNGIKA IKINDI KIZA.  
INZIGE ZIRAZA ZIRYA IBITOTAHAYE  
VYOSE URUBURA RWASIZE.  
ZIHEJEJE ZICA MU MAZU YABO.

KUVAYO 9:26-35, 10:13-15






**MAMAMAMA!**

**EHEEEE!**

**FATA  
FATA!**



GEB,  
MANA Y'IBITERWA,  
MBEGA NTUBONA IVYO  
IYI MANA Y'ABAHEBURAYO  
IRIKO IRAGIRIRA  
IVYIMBURWA VYACU?

OSIRIS,  
EREKANA  
UBUSHOBOZI  
BWAVE UNO  
MUSI.


FARAWO  
AHAMAGARA MOSE  
HAMA ASEZERANA  
KO AGIYE KUREKA  
ABANTU BIWE  
BAKAGENDA,  
ARIKO IMANA  
IKUYEHO INZIGE,  
FARAWO YONGERA  
GUKOMANTAZA  
UMUTIMA YANKA  
KO ABAGURANO  
BIWE BAGENDA.



IMANA ITEZA UMWUZA UDASANZWE  
UPFUKA EGIPTA YOSE. HAHERA  
IMISI ITATU, HIJE KURUSHA NKA  
KURYA IMVURA IBA IGIRE IRWE.  
ARIKO MU MAZU Y'ABAHEBURAYO  
NTA MWIZA WARI UHARI.



NARAKUMVISE  
WICA MBERE,  
ARIKO IBI  
BIREREKANYE  
KO IMANA ZACU  
ATA BUSHOBOZI  
ZIFISE IMBERE  
Yawe.




MVA MU MASO.  
SINZE NSUBIRE  
KUKUBONA KANDI  
KUKO KURI UYO MUSI  
NKUBONYE UZOCA  
UPFA.

URAVUZE UKURI  
IRYA MBERE MU BUZIMA.  
NTITUZOSUBIRA  
KUBONANA KANDI.






RA, MANA  
Y'IZUBA TWUMVE  
HARAHEZE IMISI ITATU  
WINYEGEJE. NTIWONESHA  
NONE IYI MANA  
Y'ABAHEBURAYO?



NGIKI! IKIZA CA NYUMA HAMA FARAWO  
AZONEZERWA KUBONA TIVA MURI EGIPTA. UNO  
MUSI UMURANDUZI ARAZA GUCA AHANTU HOSE  
MURI EGIPTA. UMUHUNGU WA MBERE WESE  
MU MURYANGO ARAZA GUPFA. IRI JORO,  
IMANA IRAZA GUHANA ICAHA.

IMFUR  
AZACU ZO GUTE?  
ZIRAZA GUPFA?





IMANA  
YATEGEKANIJE  
AGAKIZA KU BIZERA BOSE  
N'ABANYEGIPTA. UBU GENDA  
MUFATE UMWAGAZI W'INTAMA  
CANKE W'IMPENE MUWICE  
KU MUGORоба HAMA MUCE  
MUSHIRA AMARASO YAWO  
KU GISHIMARYANGO.

YEHOVA YAVUZE ATI,  
"NINAHACA UNO MUSI MW'IJORO  
NJE KWICA IMFURA ZOSE NKABONA  
AMARASO KU GISHIMARYANGO NDAZA  
KURENGANA IYO NZU HAMA IMFURA  
NTIZA GUPFA, MUGUME MU MAZU YANYU  
UNO MUSI MW'IJORO HANYUMA MUZE  
KURYA UYO MWAGAZI MUZOBA  
MWISHE.



EJO MUZE MUGENDE  
KU BAKORESHA BANYU BA  
BANYEGIPUTA MUBASABE  
AMABUYE Y'AGACIRO,  
INZAHABU, UMUJUMBU  
N'IMPETA. IMANA  
YABOROHEJE IMITIMA  
BAZOBIBAHA KU BUNTU  
KANDI KUBWINSHI.

MUTEKERE IVYANYU HAMA  
MWITEGURE KUGENDA EJO MU  
GITONDO. NTIMUZOGARUKA NGAHA  
KANDI. MUZOBA MUSEZEYE EGIPUTA  
BURUNDU. UMWANYA WANYU UZOBA  
UTANGUYE, UMUSI WA MBERE.





DATA,  
LIYU NIWO  
MWAGAZI W'INTAMA  
WONYENE  
DUSIGARANYE. NTA  
KUNTU TWOKORESHA  
IRANGI RITUKURA  
CANKE IKINDI  
KINTU?


MUHUNGU, IMANA  
YAVUZE TWICE UMWAGAZI  
HAMA DUSHIRE AMARASO KU  
GISHIMARYANGO. DUTEGEREZWA  
GUKORA NKUKO YABITUBWIYE.  
WARABONYE UKUNTU YACIRIYE  
URUBANZA BARYA BATAMWUMVIYE.  
LIYU MWAGAZI NIWO UZA  
KUGUKIZA URUPFU.

A woman with dark, curly hair, wearing a headscarf and a patterned, sleeveless top, is shown in a close-up. She is holding a baby wrapped in a light-colored cloth. The background is a solid orange color. Two speech bubbles are present: one on the left containing a question and one on the right containing an answer.

RERO  
LIYU MWAGAZI  
WAPFUYE  
KUBWANJE?

NANJE.  
NANJE  
RERO KUKO  
ND'IMFURA  
Y'UMUHUNGU.





YHOVA  
YAVUZE ATI,  
"NINABONA AMARASO  
KU GISHIMARYANGO  
NZOMENYA KO  
MUNYIZERA HAMA NTA  
NUMWE NZICA MU  
NZU IWANYU. "

MA, KUBERA  
IKI PAPA  
ARIKO ARASIGA  
URLUGI RWACU  
AMARASO?


KUVAYO 12:26-28, 35-36




KUBERA  
IKI UTISHE  
UMWAGAZI  
HAMA UHEZE  
USHIRE  
AMARASO KU  
RUGI?

HA! WIZERA  
UBWO BUPFUMU UKUNTU?  
NI GUTE UTURASO DUKEYI  
KU RUGI TWOBUZA URUPFU  
GUSHIKIRA UMUNTU?  
UMUHUNGU WANJE NTA  
BWOBA AFISE, SIVYO  
JOIKIM?





NIVYO NTA BWOBA. JEWE  
SINDI AGAHUNGUHUNGU. IDINI  
N'IRYABANYANTEGE NKE. IMANA NZIZA  
NTIYOKWICA ABANTU GUSA KUBERA  
BATASHIZE AMARASO KU BISHIMARYANGO.  
MBE ABATAVYUMVISE BO VYOCA  
BIGENDA GUTE?



DATA, IRI  
JORO KUBERA IKI  
RITANDUKANYE  
N'AYANDI  
MAJORO?

KUBERA  
IRI JORO IMANA  
IRARLINGIKA UMUSAMBUZI  
AZE KWICA IMFURA ZOSE  
Z'ABAHUNGU B'ABANTU  
BATIZERA. ARIKO NIYABONA  
AMARASO ACA ARENGANA  
IYO NZU.


IYI N'INTANGO Y'IMISI  
ITANGUYE KURI TWEBWE. UKO  
UMWAKA UTASHE TUZOKWAMA TUGIRA  
UYU MUGIRWA TWIBUKA IGIHE IMANA  
YADUKURA MU MINWE YA FARAWO.





DATA UMVE  
IYO NDURU,  
UMURANDUZI  
LIBWO NTIYAMAZE  
GUSHIKA!

NTIMUGIRE LIBWOBA  
TWUMVIYE IMANA  
AMARASO ARI KU  
GSHIMARYANGO. TURIKO  
TURYA UMWAGAZI.



**UMUHUNGU  
WANJE YAPFUYE!  
OH, MANA GIRA ICO  
UKOZE, HAMAGARA  
MOSE!**

**KUVAYO 12:28**





**I!!!!**

**OYA,  
MANA!  
APANA  
UMWANA  
WANJE!**

**OYAAAA!**





MBABARIRA, NTACO  
MUGIHINDURA. MWARABURIWE  
HAMA MURANKA KWUMVIRA. NDATINYA  
KO HARI ABANTU BENSHI BARAYE  
BAPFUYE MURI IRI JORO.

UMURANDUZI ACA MURI  
ICO GISAGARA HAPFA  
ABANTU IBIHUMBI.  
ABIZEYE HAMA  
BAKORESHA AMARASO  
BASIGARA ARI BAZIMA.





UMUHUNGU  
WACU  
YAPFLYE!

NYARUKA,  
ZANA MOSE NGAHA  
UBU NYENE.



IKI?

**N'IMFURA  
Y'UMURYANGO  
WIWE.**


**KUVAYO 12:29-31**





FARAWO  
ATUMAKO  
KANDI MOSE.

ARIKO FARAWO NTIYARAVYE  
MOSE MU MASO.




NARACUMUYE.  
NDAKWINGINZE, VA  
MURI EGIPUTA UJANE  
ABAHEBURAYO BAWE.  
IMANA Yawe YEHOVA  
IRARENZE UKO  
UMUNTU YOvyIBAZA.  
MPEZAGIRA IMBERE  
YUKO UGENDA.





**NKUKO IMANA YABISEZERANIYE  
BA SE, INYUMA Y'IMYAKA  
AMAJANA ANE BAVA MURI  
EGIPTA. ABANYEGIPTA BAH  
ABAHEBURAYO INZAHABU,  
IVYO GUSHAZA, IVYOKURYA,  
EKA IVYO BAKENEYE VYOSE  
BASHOBORA GUTWARA. ABANA  
B'ABAHEBURAYO BARANEZERWA  
UBA UMUSI WA MBERE BINJIRA  
MU GIHUGU GISHASHA.**



ABAGABO 600,  
000 N'ABAGORE  
HAMWE N'ABANA  
BAVA MURI  
EGIPTA BAJA  
MU GIHUGU  
C'ISEZERANO.

IMANA KU MURANGO  
YABARONGORESHA IGICU CABAHA  
IGITUTU, HAMA MW'IJORO NAHO  
IKABARONGORESHA INKING  
Y'UMURIRO YABAHA UMUCO.

KUVAYO 12:31-38, 13:21-22





<https://goodandevilbook.com/>